



# Nimewo Sekirite Sosyal pou Timoun

## Ki sa ki andedan

Poukisa pou m aplike pou yon nimewo pou pitit mwen an?	1
Èske pitit mwen an oblije gen yon nimewo Sekirite Sosyal?	1
Sitwayènte	2
Laj	2
Idantite	2
E si se adopte mwen te adopte pitit mwen an?	3
Konbyen kòb kat la koute?	3
E si m pèdi kat la?	3
Move itilizasyon nimewo Sekirite Sosyal	3
Pou kontakte Sekirite Sosyal	4

Lè w gen yon tibebe, youn nan bagay ki ta dwe nan lis bagay “pou fè” se aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal pou tibebe w la. Lè ki pi fasil pou fè sa se lè w ap bay enfòmasyon pou batistè tibebe w la pandan w toujou nan lopital la. Si w ret tann pou aplike pou yon nimewo nan biwo Sekirite Sosyal la, ka gen reta pandan n ap verifye batistè tibebe w la.

## Poukisa pou m aplike pou yon nimewo pou pitit mwen an?

Ou bezwen yon nimewo Sekirite Sosyal pou reklame pitit ou a kòm yon depandan sou fòm taks ou. Pitit ou a tou ka bezwen yon nimewo si w gen entansyon pou

- Ouvri yon kont labank pou timoun nan;

- Achte bon kès pou timoun nan;
- Jwenn kouvèti medikal pou timoun nan; oswa
- Aplike pou sèvis gouvènman an ofri pou timoun nan.

## Èske pitit mwen an oblije gen yon nimewo Sekirite Sosyal?

Non. Chèche gen yon nimewo Sekirite Sosyal pou tibebe w la ki fèk fèt se yon bagay ki volontè. Men, lè w aplike pou yon nimewo lè tibebe w la fèt se yon bon ide. Ou ka aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal pou tibebe w la lè w ap aplike pou batistè tibebe a. Ajans leta ki pwodui batistè yo pral pataje enfòmasyon pitit ou a avèk nou, epi nou pral voye kat Sekirite Sosyal la pou ou pa lapòs.

Si w ret tann pou al aplike nan yon biwo Sekirite Sosyal, ou dwe montre prèv sitwayènte ameriken pitit ou a, laj ak idantite l, ansanm ak prèv idantite pa w. Nou dwe verifye dosye nesans pitit ou a, sa ki ka ajoute jiska 12 semèn sou lè sa pran nòmalman pou yo pwodui yon kat. Pou verifye yon batistè, Sekirite Sosyal pral kontakte biwo ki te pwodui batistè a. Nou fè verifikasyon sa a pou anpeche moun sèvi ak fwòd pou itilize dosye nesans lòt moun pou yo ka jwenn nimewo Sekirite Sosyal pou yo ka etabli fo idantite.

### Ki fason pou m aplike?

**Nan lopital la:** Lè w ap bay enfòmasyon pou batistè tibebe w la, yo pral mande w si w vle aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal pou tibebe w la. Si w di “wi,” w ap bezwen bay nimewo Sekirite Sosyal pou toule de paran yo, si w kapab. Menm si w pa konnen nimewo Sekirite Sosyal toule de paran yo, ou ka toujou aplike pou yon nimewo pou pitit ou a.

**Nan yon biwo Sekirite Sosyal:** Si w ret tann pou aplike pou nimewo pitit ou a, ou dwe

- Ranpli yon *Aplikasyon pou yon Kat Sekirite Sosyal* (Fòm SS-5-INST-HC); epi
- Montre nou dokiman orijinal ki bay prèv sa yo pou pitit ou a
  - Sitwayènte ameriken;
  - Laj; ak
  - Idantite.
- Montre nou dokiman ki pwouve idantite w.

**NOTE:** Nan kèk lokalite, sèvis lapòs pa pral delivre kat pitit ou a amwenske non pitit ou a sou bwat a lèt ou a.

Timoun ki gen 12 an oswa plis: Nenpòt moun ki gen 12 an oswa plis ki fè demann pou yon nimewo Sekirite Sosyal pou premye fwa dwe parèt an pèsòn pou fè yon entèvyou, menm si yon paran oswa yon gadyen pral siyen aplikasyon an pou timoun nan.

## Sitwayènte

Nou ka aksepte sèlman kèk dokiman kòm prèv sitwayènte ameriken. Prèv sa yo enkli yon batistè ki fèt Ozetazini, rapò konsila ameriken fè sou yon nesans, paspò ameriken, sètifika natiralizasyon oswa sètifika sitwayènte. Moun ki pa sitwayen yo dwe gade *Nimewo Sekirite Sosyal pou Moun ki pa Sitwayen Ameriken* (Piblikasyon No. 05-10096-HC) pou plis enfòmasyon.

## Laj

Si pitit ou a te fèt Ozetazini, ou bezwen prezante batistè pitit ou a. (Si w gen youn, ou dwe soumèt li.) Si yon batistè pa egziste, nou ka aksepte yon

- Dosye relijye ki te fèt anvan timoun nan gen 5 an ki montre dat nesans lan;
- Dosye nesans yon lopital Ozetazini; oswa
- Paspò.

Si pitit ou a te fèt andeyò Etazini, ou bezwen prezante batistè etranje pitit ou a (si w gen youn oswa si w ka jwenn yon kopi nan yon espas 10 jou ouvrab). Si w paka jwenn li, li posib nou ka aksepte bagay ki pral site la a pou pitit ou a:

- Certificate of Birth Abroad (FS-545, Batistè aletranje);
- Certificate of Report of Birth (DS-1350, Sètifika rapò nesans);
- Consular Report of Birth Abroad (FS-240, Rapò nesans aletranje konsila fè);
- Certificate of Naturalization (Sètifika natiralizasyon); oswa
- Paspò.

## Idantite

Pitit ou a: Nou ka aksepte sèlman kèk dokiman kòm prèv idantite pou pitit ou a. Pou yon dokiman ka akseptab, li dwe ajou (pa ekspire) epi li dwe gen non pitit ou an, enfòmasyon ki idantifye l, epi preferableman, yon foto ki resan. Jeneralman nou aksepte yon dokiman idantite ki pa gen foto sou li si li gen ase enfòmasyon pou idantifye timoun nan (tankou non ak laj timoun

nan, dat nesans li, oswa non paran l yo). Nou prefere wè paspò timoun nan. Si dokiman sa a pa disponib, nou ka aksepte dokiman sa yo:

- Yon kat idantite pou moun ki pa chofè leta bay timoun nan;
- Jijman adopsyon;
- Dosye doktè, klinik oswa lopital;
- Dosye relijye;
- Dosye lekòl oswa sant gadri pou timoun; oswa
- Kat idantifikasyon lekòl.

Oumenm: Si w se yon sitwayen ameriken, Sekirite Sosyal pral mande pou yo wè lisans ou pou kondui Ozetazini, yon kat idantifikasyon leta bay pou moun ki pa chofè, oswa paspò ameriken kòm prèv idantite w. Si w pa gen dokiman espesifik sa yo, nou pral mande w pou nou wè lòt dokiman ki ka disponib, tankou yon:

- Kat idantifikasyon travay ou;
- Kat idantifikasyon lekòl ou;
- Kat asirans medikal ou (pa yon kat Medicare);
- Kat idantifikasyon lame ameriken; oswa
- Polis asirans vi.

***Tout dokiman w ap pwodui yo dwe swa dokiman orijinal swa kopi ajans ki bay dokiman sa yo sètifye. Nou paka aksepte fotokopi oswa kopi dokiman yo ki notarye.*** Nou ka itilize yon dokiman pou de (2) rezon. Pa egzanp, nou ka itilize paspò pitit ou a kòm prèv ni pou sitwayènte ni pou idantite. Oswa, nou ka itilize batistè pitit ou a kòm prèv ni pou laj ni pou sitwayènte. ***Sepandan, ou dwe founi omwen de (2) kalite dokiman separe.***

Nou pral voye nimewo ak kat pitit ou a pa lapòs osito nou gen tout enfòmasyon pou pitit ou a epi nou te verifiye tout dokiman pitit ou a.

**E si se adopte mwen te adopte pitit mwen an?**

Nou ka bay pitit w ap adopte a yon nimewo Sekirite Sosyal anvan adopsyon an fin fèt, men ou ka vle ret tann. Ansuit, ou ka aplike pou

yon nimewo avèk nouvo non w ap bay timoun nan, epi avèk non pa w kòm paran. Si w vle reklame pitit ou a sou taks ou pandan adopsyon an poko fini nèt, ou ka kontakte Internal Revenue Service pou jwenn fòm W-7A, ki rele *Application for Taxpayer Identification Number for Pending U.S. Adoptions (Aplikasyon Pou Nimewo Idantifikasyon Kontribiyab Pou Demach Adopsyon Ozetazini)*.

**Konbyen kòb kat la koute?**

Ou pa gen pou peye anyen pou yon nimewo ak yon kat Sekirite Sosyal. Si yon moun ta kontakte w epi li vle fè w peye pou ka jwenn yon nimewo oswa yon kat, tanpri sonje sèvis Sekirite Sosyal ofri yo se gratis. Ou ka rapòte nenpòt moun k ap eseye fè w peye pou sèvis sa yo lè w rele liy asistans Biwo Enspektè Jeneral la nan **1-800-269-0271 (TTY 1-866-501-2101** pou moun soud oswa ki tande di) ant 10:00 AM a 4:00 PM nan tan lès la oswa vizite <http://oig.ssa.gov/report>.

**E si m pèdi kat la?**

Ou ka ranplase kat Sekirite Sosyal ou a si w pèdi l oswa si yo vòlè l. Ou ka jwenn yon ranplasman sèlman pandan twa fwa nan yon ane epi 10 fwa pandan tout vi w. Limit sa yo pa gen ladan l si w chanje non w legalman ak kèk lòt eksepsyon. Pa egzanp, chanjman nan estati w kòm moun ki pa sitwayen ki neseseite yon mizajou nan kat ou pa konte nan limit sa yo. Epitou, limit sa yo ka pa afekte w si w ka pwouve ou bezwen kat la pou anpeche ou tonbe nan yon gwo difikilte.

Kat Sekirite Sosyal pitit ou a se yon dokiman ki enpòtan anpil. Nou rekòmande pou sere l yon kote ki an sekirite. Pinga w mache avèk li sou ou.

**Move itilizasyon nimewo Sekirite Sosyal**

Si w panse gen yon moun k ap itilize kat Sekirite Sosyal pitit ou a pou fè fwod, ou ta dwe pote plent nan Federal Trade Commission (Komisyon Federal Komès) sou:

- Entènèt — [www.identitytheft.gov](http://www.identitytheft.gov);
- Telefòn — **1-877-IDTHEFT (1-877-438-4338)**; oswa
- TTY — **1-866-653-4261**.

Li ilegal pou:

- Itilize nimewo Sekirite Sosyal yon lòt moun;
- Bay fo enfòmasyon lè w ap aplike pou yon nimewo; oswa
- Chanje, achte, oswa vann kat Sekirite Sosyal.

## Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou demilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

### Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov). Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my Social Security* pou egzamine *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)* ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;

- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay multilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

### Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tande.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today  
and tomorrow

Social Security Administration  
Publication No. 05-10023-HC | July 2017  
Nimewo Sekirite Sosyal pou Timoun

Social Security Numbers For Children (Haitian-Creole)  
Produced and published at U.S. taxpayer expense

Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a